

Sipò Kalite Siperyè Pandan Tout Gwosès Ou ak Apre!

Inisyativ Vizit Adomisil pou Nouvo Fanmi an ofri moun ki ansent ak novo paran yo vizit adomisil gratis nan men travayè sante ki kalifye, epi li mete yo an kontak ak sipò, sèvis ak referans kominotè yo.



Inisyativ Doula nan Tout Vil la (Citywide Doula Initiative, CDI)

CDI bay sèvis doula gratis, grasa pwofesyonèl ki kalifye, ki edike ak sipòte moun ki ansent epi fanmi k ap leve timoun yo pandan gwosès la, lè yo gen tranche ak pandan akouchman, epi pandan kèk mwa apre akouchman an.

Pou aprann plis bagay sou CDI a ak sou lòt sèvis doula nan Vil New York yo, ale sou sitwèb nyc.gov/health/cdi a oswa rele 844-653-6852, lendi rive vandredi, 9 a.m. jiska 5 p.m.

Patenarya ant Fanmi ak Enfimyè nan Vil New York

New York ofri vizit enfimyè adomisil gratis pou fanmi ki pral paran pou premye fwa epi ki gen revni ba.

Pou w aprann plis oswa pou w enskri, pale ak pwofesyonèl swen sante w la, voye yon imèl bay nycnfp@health.nyc.gov oswa rele **311** epi mande pou **Nurse-Family Partnership (Patenarya ant Fanmi ak Enfimyè)**.



Pwogram Vizit Adomisil pou Tibebe ki Fenk Fèt la sipòte fanmi ki gen yon tibebe ki gen jiska 3 mwa lè li mete yo an kontak ak yon travayè sante kominotè, yon enfimyè, yon travayè sosyal, oswa yon konseye sètifye nan zafè alètman. Domèn sipò yo gen ladan yo devlopman tibebe, èd pou adapte w ak vi paran, sipò pou bay tete, distribisyon bèso ak lòt atik ki esansyèl, ansam ak edikasyon sou sante ak tès depistaj.

Pou aprann plis oswa pou wè si ou elijib, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **newborn home visiting program (pwogram vizit adomisil pou tibebe ki fenk fèt)** oswa rele 718-637-5235. Si w ap viv nan yon abri Department of Homeless Services (Depatman Sèvis pou Moun ki Sanzabri) nan nenpòt nan minisipalite yo, rele 718-466-7013.



Tout pwogram yo disponib kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w, laj ou, oswa idantite seksyèl ou. Lòt kritè elijibilitè yo varye selon pwogram nan.

Pou plis enfòmasyon sou Inisyativ Vizit Adomisil pou Nouvo Fanmi an, sou fason pou jwenn yon referans, oswa fason pou refere tèt ou, ale sou sitwèb nyc.gov/health/babyhelp la oswa eskane kòd QR la. Ou pa fin konnen ki pwogram ki pi bon pou ou? Rele Family Connection Network la (Rezo Koneksyon pou Fanmi) nan 347-396-7979 pou jwenn èd.

